RESEARCH FOCUS
xalqaro ilmiy jurnali
hamkorligida

DOI
10.66073/ReFocus-Conf/0910220

QR-kod maqolaning DOI sahifasini ochadi

SAHIFALAR
1074–1077

TIL
Qoraqalpoq (kirill)

IQTIBOS UCHUN
Амангул Прекеева. Гурленли қарақалпақлар ҳаққында жаңа мағлыўматлар // «O‘zbekiston olima ayollarining mamlakat taraqqiyotiga qo‘shayotgan hissasi» mavzusidagi xalqaro ilmiy-amaliy konferensiya materiallari (Nukus, 2026-yil 9–10-oktyabr). – Nukus, 2026. – B. 1074–1077. – DOI: https://doi.org/10.66073/ReFocus-Conf/0910220

ГУРЛЕНЛИ ҚАРАҚАЛПАҚЛАР ҲАҚҚЫНДА ЖАҢА МАҒЛЫЎМАТЛАР

Амангул Прекеева
Өзбекстан мәмлекетлик көркем өнер ҳәм мәденият институты Социал гуманитар пәнлер кафедрасы доценти, филология илимлери кандидаты

Хорезм, Едил-Жайық, Түркистан жерлери қарақалпақ халқы тарийхы менен тығыз байланыслы. Қарақалпақлар әййемнен Қубла Арал бойында жасап қиятырған тили түркий тиллер шақабының қыпшақ диалектинде сөйлейтуғын халық. Олар қубла шығыс ҳәм қубла батыс Арал бойы аймағында әййемги дәўирлерден орта әсирлерге шекем жасаған бир неше этнослардың араласыўы нәтийжесинде отырықшы халық болып қәлиплескен.[1]

Қарақалпақлардың жасаў жағдайының ҳәр қыйлы себеплерине байланыслы Хорезмниң арқа батыс тәрепине Үстирт, Сарықамыс, Узбой бойларына көшкен, бир қаншасы Волга бойларына барып Алтын Орданың қурамына кирген.[2]

XIV әсирдиң ақыры XV әсирдиң басларында Алтын Орда ыдырап бир неше ханлықларға бөлинип кетеди. XV әсирдиң ақырында басқалар сыяқлы қарақалпақлар өзбек ханлығынан бөлинип шығады [3]. Бул дәўирде ноғайлар менен биргеликте аўқам болып жасайды. Орданың ханы Орманбеттиң қайтыс болыўы себепли үлкен апатшылық, ашаршылық жүз береди. Буннан Едил Жайықтан және Туркистанға, яғный Сырдәрья әтирапына көшип келеди. Бирақ 1723-жылғы жунғырлардың, 1743-жылғы Абылхайырханның Сырдәрья бойларындағы қарақалпақларға ислеген шабыўыллары себепли [1]әййемнен ата-журты, ата-мәканына қайта баслайды. Жунғарлардың Сырдәрьяның орта ағысын басып алыўына байланыслы қарақалпақлар «жоқарғы» ҳәм «төменги» болып екиге бөлинеди [4].

Жоқарғы қарақалпақларға сол дәўирдеги Қоқан ҳәм Бухара ханлығындағы қарақалпақлар, ал төменги қарақалпақлар Әмиўдәрьяның Арал теңизине қуяр аяғындағы жерлерде, яғный Хийўа ханлығында жасайтуғын қарақалпақлар киреди.

Ҳәзирги дәўирде жоқарғы қарақалпақлар Ферғана, Әндижан, Наманган, Самарқанд, Ташкент, Жиззақ ҳәм Қазақстан Республикасының Шымкент ўәлаятында, Түркменстанның Гөне Үргениш районында ҳәм Аўғанстанда отырықшы турмыс кеширеди.

Ата-бабаларымыз әзелден дийханшылық, шарўашылық ҳәм балықшылық пенен шуғылланған. Қай жерде шарўасына,

1

дийханшылығына қолайлы жер болса, сол жерге барып дийханшылығын етип, шарўасын бағып, балығын аўлап күнелткен. Қарақалпақлар Арал әтирапынан X-XII әсирлерде ҳәр қыйлы жағдайларға бола көшкен болса, Абылқайырхан топылысынан, яғный 1743- жылдан соң Арал бойларына қайтып келе баслаған, теңиздиң балығы, аңлары, жемис-жийдеги халықты ашлықтан аман алып қалады. Деген менен, бул көшиўлерден кейин де жақын әтирапларға қоныс аўдарыў жағдайлары болып турған. Ҳәзирги күнде қоңсылас Хорезм ўәлаяты Гүрлен районында да қарақалпақлар жасайды. Хорезмниң Гүрлен районы Қарақалпақстанның Әмиўдәрья районы менен шегаралас.

Гурлен районындағы Досымбий деп аталған мәкандағы Декханабад МПЖ ҳәм Бозқала МПЖ-сындағы қарақалпақлар менен ушырастық.

«Әкемниң әкеси Дилимбет буўам оның баласы Әбди қалпақ, оның баласы Ғәний қалпақ, оның баласы бизлер. Ағайындар Қараөзекте бар, Қалбай ағам оның баласы Бердибай шабандоз, Дәнияр палўан үш-төрт жыл болды қайтыс болды. Әсен ағам бар, баласы Базарбай келин алды жақында, бизлер баралмадық. Ҳаз келади атамыс, ҳаз келади әжемиз, бизлардың улқанымыз бар» (Мағлыўмат бериўши: Әбдиев Аманбай 1967жылы туўылған урыўы бүгежейли).

«Бизиң буўамыз Қараөзекте туўылған, урыўымыз бүгежейли, төрт кызы болған, ул перзенти бомаған, аллаталадан бир ул пәрзәнт бер,-деп тиләгән. Әкем туўылып, шешаси өлип қаған. Сол жылы суў там-тарыс болып, буўам усы жаққа малларын айдап көшип келеди. Шама менен 1920-жыллары болса керак, Дилимбет қарылпақ деген. Ҳәзир оның туўысқанлары Караөзекте, Москва совхозда Есимниң бойында Мәмбеттиң ақтықлары, сойерде ажапамыз Сарыгул кемпир бар йеди, ол қайтыс болды. Баласы Жумабек оның баласы Муратбек пенен қатнасамыз. Әкем қырқ сәгиз жасында қайтыс болды, бизлер буяқта жасап атырмыз, қудаға шукир. Нөкисте типографияда ислейтуғын Бахыт деген иним бар, айалы Әлийма, Қурбанбай деген иним, ол қайтыс боп кетти. Дайым Шымбайдан, Омар дайымның урыўы қарамойын еди. Олар-әм кәрислер менен араласып отырған йекен, бизиң буйердин бәри кәрислер йеди. Шалы йегетин йеди. Шу ўақта шу йерден көшип кеткен кәрис мениң әжағама: сениң дайың мениң қоңсым,-деп айтқан. Қараөзекте бар айапаларымыз, ағайындар. Атам йерте өлип кетти, мен алты жас едим, йеки ақтык көрип кетти». (Мағлыўмат бериўши: Камалатдин Әбдиев 1956 жылы туўылған, урыўы бүгежейли Декханабад МПЖ)

«Мехрийбан ағайындар излеп келипти, тәңир жарылқасын. Мениң анам қарылпақ, атам үөзбек. Мен дайыға келин боғанман. О заманларда туркменлер басып келип, қызларды әкитип қалады йекен, соннан соң атамыз кызын үөзбекке, бизиң әкемизге берген. Бир-биримизгә жигәрмиз. Екаўмиз бир класста ўоқығанмыз. (Мағлыўмат бериўши: Айымгүл Абдиева 1955жылы туўылған, миллети өзбек).

«Атым Зульфия Абдийўоа, Берунийдән келин боп туштим, үөзим қазақман, бу ханаданға келип атес пенен мамайдың атыны айтмағанмыз, шуйергә келип, шуғурлым болдық, уш улым бар, оларды уйлантирип, уйли-ўатанлы қылдық, мынаў кичкантай келиним уш улы бар, бир балам қазақта,

DOI 10.66073/ReFocus-Conf/0910220

оның алты қызы бар, бир балам сентирдә шүкир аллаға, ҳәр қайсысынан ақтық көрип, шаўлыққа да жетиргей деп отырмыз. (Мағлыўмат бериўши: Әбдиева Зульфия 1963-жылы туўылған, миллети қазақ, орта мағлыўматлы, Декханабад МПЖ).

«Әкемниң әкеси Дилимбет буўам оның баласы Әбди қалпақ, оның баласы Ғәний қалпақ, оның баласы бизлер. Ағайындар Қараөзекте бар, Қалбай ағам оның баласы Бердибай шабандоз, Дәнияр палўан үш-төрт жыл болды қайтыс болды. Әсен ағам бар, баласы Базарбай келин алды жақында, бизлер баралмадық» (Мағлыўмат бериўши: Әбдиев Аманбай 1967жылы туўылған урыўы бүгежейли).

«Мен Халқабатта Жаман аўылда шалы йектим, Пирлеш порханда, урыўым майлыбалта йекенимди айттым, мени үөз бағаларындай сыйлап, бизге дайы дейтин йеди. Саламат деген баласы бар йеди. Онша көп бомадық, бир жыл болдық. Буннан улкәни маған уқшыйди, қарапәрәң, томалақ бала» (Мағлыўмат бериўши: Айтжанов Қыдырбай 1979-жылы туўылған, салыкеш)

«Бакшы атамыстың аты Муўса бақшы, қойымшылығы Султан Ўайыс та, Таллық деген Әмиўдәрья бойында, оннан кейин Төрткүлдиң Аққамыс деген жерлеринде жасаған. Атамыстың урыўы бағлы қытай боған. Бақшышылық етип Хийўаға кеткен. Хийўаға кеткен ўағында бир кеше бир күндиз Хийўада бақшышылық етип қайтып кеген. Тәжигүл Адамбаева изартлəгән, китап жазған атамыс ҳаққында. Муўса бақшының баласы Дәўлетяр, оның баласы Оразалы, оның баласы Ғаний мениң шалым, мен шаўлық келинимен. Мениң жети балам бар, бираўы қата болды. Буўамның қошықларына мен қызықтым, мениң шалым қызықмады.

Мийман болып барсаң Шымбай йелине,
Қызлары перийзат жүзинде қалы,
Сөйлесе төгилер аўзынан палы,
Сондай жанан қызлары бар Шымбайдын.

Үйде бақшы атамның баласының сүўрети бар. Бул сүўретлер боса мениң қайнапамның қайынсиңлисиниң бағалары (Мағлыўмат бериўши: Оразымбетова Қурбангүл 1947-жылы туўылған, миллети өзбек, үй бийкеси Боз қала МПЖ).

«Бизлар Бийбазардан көшип келдик кырқ сәккизинши жыллары боса керак, Бадайдан. Султан бажбан бар йеди, шуйерда отырдық, ойерде қарақалпақ йетти-сәккиз хожалық йедик, кейин булардың бəри дағышып буйаққа өтмекке қарады. Мениң атам, Сейтжан буўам, Ораз буўам бəри өтти, шуйерда отырып қалдық. Буйер шалыкəр йеди, мен зибийна, калқозшы, камбайын айдадым, шундай боп күн көрип отырыппыз. Буйерда майлы балта қыпшақ, қарамойын, бүгежейли, бағлы қытайлар бар. Қарақалпақстанда ағайындар көп» (Мағлыўмат бериўши: Айтжанов Әдилбай 1942-жылы туўылған, урыўы майлы балта қыпшақ).

Мен алтмыш биринчи жылы туўылғанмын, шу гүндə Боз қала МПЖ деп аталады, дарьяға беш, Гурлангə он йеки киламетр, беш-алты хожалық кəрийслер бар, олар отырымлы боп қалды ғо, бағалары майданда ишлайди. Өзбек класста оқыған быз, қарылпақ мектеп жоқ йеди. Он-омбеш хожалық

DOI 10.66073/ReFocus-Conf/0910220

ушын класс ашыў қайда? Қаратаўда ең улқанымыз, кейингиси Россияда татар қызға уйланди, оннан кейингиси Берунийда. Сундиханға барасызлар ма? Ойерда да омбеш-жигирма хожалық қалпақлар бар, барға йерда Аман қалпақ десаң уйин көрсатади. (Мағлыўмат бериўши: Қарабаев Әлимбай урыўы майлы балта қыпшақ 1961-жылы туўылған)

Демек, Декханабад ҳәм Боз қала МПЖда барлығы отыз бес хожалықтай қарақалпақлар өзбек, қазақ, кореец миллети ўәкиллери менен бирге жасап келмекте. Семьялық қурамы қарақалпақ, өзбек, қазақ миллети ўәкиллеринен ибарат.

Жуўмақластырып айтқанда, Хорезмли қарақалпақлар өзлери туўылып өскен аймағында, ата мәканға жақын жерде, Әмиўдәрьяның оң тәрепинде дийқаншылығы, шарўашылығы менен күнелтип келмекте.

Тил тез өзгермели қубылыс болғанлықтан, гүрленли қарақалпақлар тилиниң фонетикасында, лексикасында, морфологиясында да айырмашылықларды сезиўге болады. Олардың да бул мәканларға қоныс басқанына бир әсирдей ўақыт болған, билимди өзбек тилинде алғанлықтан сөйлесимде өзгешеликтиң болыўы тәбиййий. Қарақалпақстандағы ағайинлери менен барыс-келиси бар. Бундай этнографиялық топарлар Түркменстан Республикасының Қарақалпақстан менен шегаралас аймақларында да ушырасады. Бул топарлардың тарийхын, тилин, әдебиятын, мәдениятын үйренип қарақалпақ илимине қосыў лазым деп есаплаймыз.

Пайдаланылған әдебиятлар

1. Қарақалпақстанның жаңа тарийхы. Нөкис: Қарақалпақстан, 2003. – 10- б.
2. Жоқарыдағы аты аталған мийнетте 14-бет.
3. Федоров-Давыдов Г.А. Общественный строй Золотой Орды Москва,1 973. -106-б.
4. Камалов С. Қарақалпақлардың халық болып қәлиплесиўи ҳәм оның мәмлекетшилигиниң тарийхынан // ӨзРИАҚҚБ Хабаршысы. Нөкис, 2001. Б. 23.

DOI 10.66073/ReFocus-Conf/0910220